buleen njëkka nuyu Yahuud yi ak Nasaraan yi ci nuyoog Salaam, bu ngéen dajee ak kenn ci ñoom ci yoon nangeen ko jaarloo fa gën a xat

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: "buleen njëkka nuyu Yahuud yi ak Nasaraan yi ci nuyoog Salaam, bu ngéen dajee ak kenn ci ñoom ci yoon nangeen ko jaarloo fa gën a xat".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day tere jullit bi di njëkk a nuyu Yahuud bi ak Nasaraan bi donte dañoo bokk ci ña ñu kóllareenteel, kon yéefar bu dul ñoom safut a wax, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc leeral ne bu nu dajee ak kenn ci ñoom ci yoon wi nanu ko loruloo ca yoon wa gën a xat, aji-gëm ji mooy dox ci diggu yoon wi, waaye yéefar bi mooy randu, jullit bi du doyadi ci genn anam ci anam i doyadi yi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5347